



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ MONIMAN ETA NEW YORK YO NAN SELEBRASYON VIKTWA NEW YORK LIBERTY NAN FINAL WNBA**

***New York pral eklere nan Seafoam vèt ak blan an rekonesans premye tit chanpyona New York Liberty.***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a moniman Eta New York yo pral limen ak koulè vèt ak blan 21 oktòb 2024 pou selebre New York Liberty ki te ranpòte chanpyona Women's National Basketball Association (Asosyasyon Nasyonal Baskètbòl pou Fanm). Liberty te bat Minnesota Lynx nan match 5 nan yon seri meyè nan senk pou ranpòte premye tit ekip la nan 28 ane istwa li a.

"New York se yon gwo eta espò, e match yèswa a non sèlman te pèmèt Liberty ranpòte premye tit chanpyona yo, men tou, yon tit chanpyona pou Eta New York." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Emosyon ak antisipasyon, ak viktwa achane te kreye yon sware elektrik pou tout Nouyòkè yo, e mwen ekstrèmman fyè de chak jwè Liberty pandan n ap kontinye selebre viktwa yo merite."

Moniman ki pral limen nan selebrasyon yo gen ladan:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- One World Trade Center
- Empire State Plaza
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

New York Liberty te ranpòte premye tit chanpyona WNBA li a lakay li nan Barclays Center Brooklyn nan 20 oktòb 2024 pandan 19yèm aparasyon faz eliminatwa li nan

istwa franchiz la. Minnesota Lynx t ap mennen a de pwen nan dènye segonn match 5, men avèk 5.2 segonn nan fen, yon move pas sinyale sou Alanna Smith nan Lynx te pèmèt ak atakan Breanna Stewart Liberty meyè jwè WNBA epi 2 fwa MVP reyisi de lanse fran epi egalize match la a 60. Nan lè siplemantè, New York Liberty te vin an tèt, sele chanpyona yo a ak yon viktwa 67-62 sou Lynx nan yon match 5 kote gayan an genyen tout.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)